

Chè paran oswa responsab:

Sante pitit ou a enpòtan pou nou. Nan lekòl leta Vil Nouyòk, nou bay kou edikasyon sante ki gen leson apwopriye selon laj elèv la sou sante fanmi, sou sèks ak sou VIH/SIDA, apa lòt sijè enpòtan nan sante. Envestisman 24 milyon dola Majistra de Blasio fè nan nou pwojè Health Ed Works la ranfòse angajman DOE nan sante elèv lè li ogmante sipò pou edikasyon sante nan tout lekòl nou yo.

Done estatistik montre ke gen elèv ki gen tan ap fè sèks avan laj 13 ane, elèv ki te gen plizyè patnè seksyèl; ak elèv ki pa pwoteje tèt yo kont enfeksyon kontajyez moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infections, STI) ak VIH/SIDA. Nou gen yon wòl enpòtan pou jwe nan edikasyon timoun nou yo sou sèks, ak sou konsekans ki ka genyen lè moun lage kò yo nan konpòtman ki riske. Nou dwe bay elèv nou yo bon jan enfòmasyon ak konesans kominikasyon pou ede yo pran desizyon ki ka kenbe yo an sante ak lwen danje. Nan sans sa a, kou obligatwa yon semès edikasyon sante global nan ni lekòl presegondè, ni lekòl segondè, dwe genyen tou edikasyon sante seksyèl ki apwopriye avèk laj elèv, ansanm avèk leson VIH/SIDA ki obligatwa chak ane pou elèv klas matènèl rive 12yèm ane.

Nou konprann ke elèv nou yo ak fanmi yo gen divès kwayans, kilti ak koutim. Kòm yon paran/responsab, ou gen dwa pou fè pitit ou pa patisipe nan kèk leson sou sante seksyèl ak VIH/SIDA sou planing ak metòd prevansyon VIH/enfeksyon moun pran nan fè sèks (STI). Men, ou pa ka anpeche pitit ou patisipe nan kou k ap pale sou abstinans ak lòt leson edikasyon sante seksyèl. Si w gen kesyon sou leson ou pa vle pitit ou a patisipe, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a, kowòdonatè paran nou oswa mwen menm. Ou ka gade tou tout *kourikoulòm HIV/AIDS NYCDOE* a sou entènèt nan <https://www.weteachnyc.org/resources/resource/hivaids-curriculum-2012-edition/>.

Si w vle retire pitit ou a nan kou k ap pale sou planing ak prevansyon HIV/enfeksyon moun pran nan fè sèks (STI), ou dwe ekri m yon lèt ki di:

- Pitit ou a pa dwe nan salklas la pandan kou sou planing ak metòd prevansyon VIH/enfeksyon moun pran nan fè sèks (STI) ; epi
- W ap bay pitit ou a ransèyman sou jan pou prevni maladi sa yo lakay ou.

Kòm nan tout domèn, paran ak gadyen legal se premye pwofesè ki gen plis enflyans sou yon timoun. Paran, responsab ak lekòl yo pataje menm objektif: Nou vle elèv tout laj an sante nan tout aspè lavi yo. Sou kesyon pale avèk elèv osijè sèks, objektif nou gen an komen se fè jèn ki gen laj pou ale lekòl tann avan yo antre nan rapò seksyèl. Nou ankouraje w pou mande pitit ou a kisa l ap aprann nan kou edikasyon sante pou wè si li konnen sa ou kwè ki se pi bon mwayen pou viv an sante. Konvèsasyon ou gen avèk pitit ou sou sante seksyèl ap mete enfòmasyon l ap resevwa nan kou sante nan yon kontèks valè fanmi ou kwè ladan yo. Ankò, si w gen nenpòt kesyon osijè edikasyon sante oswa si w ta renmen gade kourikoulòm edikasyon sante lekòl nou an, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a.

Avèk senserite,

Direktris